

Sivivan yo pa bezwen rete tann FEMA pou kòmanse netwayaj pou siklòn Ida

Release Date: Oct 15, 2021

Rezidan New Jersey ki afekte nan tanpèt ak lapli Siklòn Ida yo pa bezwen rete tann pou yon vizit yon enspektè lojman FEMA oswa konpayi asirans yo pou kòmanse netwaye ak fè reparasyon. Enspektè FEMA ak ajistè reklamasyon asirans yo ka verifye domaj menm si netwayaj la te kòmanse.

Sepandan, ou ta dwe pran foto dega yo epi kenbe resi ki gen rapò ak rekiperasyon an. Konpayi asirans yo ka bezwen ni foto ak resi, pandan FEMA ka bezwen resi.

Anvan ou kòmanse netwayaj la, li enpòtan pou ou tcheke premye domaj estriktirèl nan kay domaje ou anvan ou antre nan li epi rapòte li bay otorite lokal yo.

Netwayaj mande pou jete sa ki mouye tankou dra, kapèt ak mèb poutèt pwoblèm sante ki ka lakòz mwazi. Swiv konsèy gouvènman lokal la pou jete mèb ki domaje ak lòt bagay.

Sonje pou w aplike pou asistans FEMA

Si ou pa deja fè sa, li enpòtan pou ou enskri pou asistans FEMA san pèdi tan. Ou sèlman bezwen enskri yon fwa pou chak kay. Yon fwa yo anrejistre, sivivan yo ta dwe kenbe kontak ak FEMA epi si enfòmasyon kontak ou chanje, asire w ou avize FEMA sou chanjman sa a.

Chak aplikan ap resevwa yon nimewo enskripsyon. Li enpòtan anpil pou w ekri nimewo a epi kenbe li sou la men. Se konsa FEMA ap idantifye ou epi li pral itilize li nan tout korespondans ak lòt kominikasyon avèk FEMA.

Ou dwe konnen asistans FEMA pa gen taks sou li, ou pa bezwen remèt li epi li pa afekte lòt asistans leta.



FEMA

Page 1 of 2

Gen twa (3) fason sivivan yo ka aplike pou resevwa asistans pou katastwòf: Sa ki pi pratik lan se ale anliy sou [DisasterAssistance.gov/](https://www.DisasterAssistance.gov/). Si li pa posib pou aplike anliy, rele nan **800-621-3362** (TTY: **800-462-7585**) oswa aplike atravè [F Aplikasyon FEMA a.](#) . Nimewo telefòn gratis yo fonksyone apati 7 a.m. rive nan 1 pam. (Lè Lès), sèt jou sou sèt. Si ou itilize 711 oswa sèvis relè videyo, bay FEMA nimewo pou sèvis sa a.

Lè ou aplike pou èd, ou dwe genyen enfòmasyon sa yo disponib tou pre w:

- Adrès ou ak kòd postal la.
- Nimewo Sekirite Sosyal ou, si li disponib.
- Eta kay ou a domaje.
- Si ou genyen asirans, nimewo kontra oswa nimewo ajan ak/oswa non konpanyi an disponib.
- Yon nimewo telefòn kote yo kapab jwenn ou.
- Adrès kote ou kapab resevwa kouryèl oswa adrès imèl pou resevwa notifikasyon elektwonik.

Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, ale sou [fema.gov/disaster/4614](https://www.fema.gov/disaster/4614). Swiv kont Twitter FEMA Rejyon 2 a nan twitter.com/FEMAreion2.



FEMA

Page 2 of 2